ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДЫОКІ

№144 (22.302) ● 2012 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Я Іуэху зыІут зрегъащІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхуку Іэ Аруан куейм щыІащ. Абы и гъусащ КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министр Къаздахъу Альберт.

КЪУАЖЭДЭСХЭР хадэхэкІхэм зэрелэжьыр, абы къахуихь хъеныр, я псэуКІэр зригъэлъагъуи мурадкІэ, республикэм и Іэтащхьэр дыхьащ Къэхъун жылэм щыпсэу Едгъуа Рае и лъапсэм. Унэгуащэр тепсэлъыхьащ, хабзэ хъуауэ, жылэр зэлэжь хадэхэкІ нэхъыщхьэм - помидорым - зэрелэжь щІыкІэм, абы трагъэкІуадэ мылъкум, къыщІах хъерым.

Адэкіэ Іэтащхьэр щыІащ «Агро-Инвест» ООО-м. Абы бэджэнду Май куейм щиІыгъ щІыхэм епІащ, нащэм, шыбжий ІэфІым, нэгъуэщІ хадэхэкІхэм зэрелэжь, агрокъызэрыраХьэлІэж технологиехэм щІыгъуазэ зыхуищІу. КъыкІэлъыкІуэу Къанокъуэм зригъэлъэгъуащ Аруан куей сымаджэщыр зыхуеИ зэрыхуагъэзэж щІыкІэм. Республикэм и унафэщІыр ЯІуащІащ зи цІэ къитІуа ІуэхуцІапІэхэм я унафэщІхэм.

ЗэІущІэхэм ятеухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дыгъуасэ

● Мэкъумэш

УэфІ щІыкІэ гъавэр Іуах

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм хъыбар къызэрыдитамкІэ, бадзэуэгъуэм и 25-м ирихьэлІэу хьэцІэпэцу гектар мин 50 кърахьэлІэжащ. Иджыри Іуахыжьын хуеИуэ къапэщылъщ гъавэ щІапІэхэм я процент 45-р.

ДУНЕЙМ и щытыкІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр зэрыхъмылъам и фІыгъэкІэ, гъавэр Іейкъым - зы гектарым хуэзэу центнер 30 кьытрах.

Къэнрэмэмыщ Іауэ, мы гъэм республикэм и мэкъумэш Іэнатіэхэм кІэрТюфу гектар мин 14 хасащ. Абы щыщу 1 миныр къатІыжьыну хунэсащ икІи абы кьытрахащ тонн мин 17.

ХадэхэкІхэм ящыщу иджыпсту ди хозяйствэхэм нащэрэ помидору тонн мин 18,5-рэ щыІуахыжьащ.

Мы илъэсым дунейм иІыгъ щытыкІэм елъытауэ, хэгъуэр зы тхъэмэхуэкІэ нэхъ пасэу щІадзащ икІи мэкъумэш Іэнатіэхэр хущІокъу уэлбанэ кІыхьхэм щІимыдзэ щІыкІэ щІым трасар кІэрыхуншэу кьызэрырахьэлІэжьым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлІхэм я фэеплъыр ягъэлъапІэ

● Нобэ

Нобэрэ пщэдейрэ Ростов областым щыщ Мартыновскэ районым щокІуэкІ а щыналъэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыхьумэным теухуа зауэ гуащІэкэр зэриухэр ильэс 70 зэрырикъум ехьэлІа дауэдапщэхэр.

А ЗАУЭМ нэхьыбэу хэтар 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и зауэлІхэрщ. Фэеплъ дауэдапщэхэм ирихьэлІащ Цыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин я пашэу КъБР-м икІа гуп. Делегацэм хэтщ Тэрч муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Кіэрэф Мурадин, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэздэ Къарурэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Шэрэдж район Советым и тхьэмадэ Чеченов Георгий, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниеи, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниеи, «Налшык» жылагъуэ телерадиокомпаниеи, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я лэжьакІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм Мартыновскэ районым и школакІуэхэм тыгъэ хуащІын папщІэ «ЛІыхъужьхэм я цІэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым и картэм» брошюрэр здашащ. Ар ТекІуэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу кьыдагъэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ зэмылЫужьыгъуэхэм къахэкІахэм ящыщу «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр зыхуагъэфэщащэхэм, абыхэм я цІэхэр зыфІащыжа уэрамхэмрэ аджапІэхэмрэ ятеухуащ. Апхуэдэу музейхэмрэ школхэм я библиотекэхэмрэ иратынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакІуэхэм, публицистхэм я тхыльхэр.

КъБР-м икІа делегацэр «ЩІыхь» мемориалым, лІыхъужьхэм я къхащхьэхэм щекІуэкІыну пэкІуэм хэтынущ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и цІэр зезыхьэ школым кІуэнурэ абы и музейм щыгъуазэ защынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлІэхэр щІыпІэхэм щащІа къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ документальнэ фильмхэр. Апхуэдэу зегъэхьэзырынущ ильэс куэд лъандэрэ дэлъхэу КъБР-м и Тэрч районымрэ Ростов областым щыщ Мартыновскэ районымрэ я зэпыщІэныгъэхэм ятеухуа фильм щхьэхуэ.

ЛЪэныкъуитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр зэман хьэлъэм кьежьащ икІи ар лъыкІэ ягъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шу дивизэм хэтахэм. Аехр Сталинград ящыбыну екІу фашистхэм шапэІуэду ящуэващ.

Мартыновскэ районым и администрацэм зауэр зэриух лъандэрэ егъэлъалъэпІи дэ хэкъуегъуэм я фэеплъыр. Абыхэм я лІыхъужьхэр нобэрэщІ щэбэлэмэ ящыгъупщакъым.

КъБР-м Цыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхуці апІэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхуці анІэ.

● Щэнхабзэ

«Кабардинка»-р Лондон макІуэ

Кьыхэбгъэщыну гуапэщ мыгувэу Лондон кьыщыІуахьыну Олимп Джэгухэм «Кабардинка» къэрал ансамблым Урысейм и гуащэджэм и зэфІэкІыр щигъэлъагъуэну кьалэн кьызэрыщащІар.

Мыпхуэдэ хъыбари щыІэщ. Иджыблагъэ Сочэ щекІуэкІащ щэнхабзэмкІэ урысейпсо зэхуэс, щэнхабзэ щІэинхэм, Урысейм и иджырей гъуэзджэм теухуауэ, «Сочи-2014» щэнхабзэ зэпеуэм ди республикэм и лЫкІуэхэм жьыджэру зэрызыкьыщагъэльэгъуам папщІэ, ЩІыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащ. - жеІэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан.

КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм и пресс-Іуэхуці анІэ.

● ЩІэ

«Чэнджащэ щыуэркъым»

«Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм «Чэнджащэ щыуэркъым» зыфІища Іуэху еубгъ. «Жир» каналымкІэ зи нэтынхэр зыгъэльагъэ тележурналистхэм я мурадщ къуажэдэсхэм Іущэну. Проектыр зи жэрдэмыр и Іуэхущі апІэм и режиссер Дадэ Ритэщ. Абы къыхилъхьа Іуэхур сыт и льэныкъуэкІи дыдиІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и унафэщІ Къумыщ Оксанэ.

- МЫ ІУЭХУР зытетщІыхьыр телевиденэмрэ радиомрэ я лжьакІуэхэр кьуажэдэсхэм хуэдэгъэзэнырщ, зэрагъэпсыпІэнырщ. Дауэ мыхъуми, бзэр, лъэпкъ щэнхабзэр къыщежьэр кьуажэрщ. Сыт я гурыфІыгъэ, сыт я гукъеуэ - дыхъуейщ ар зэхэтхыну. Кьуажэ дыздэкІуэм и тхьцэм е абы щыщ гуэрым теухуауэ диІэ нэтынхэр едгъэльэгъуажьну дыхуейщ, ди каналыр кьыщимыубыдщ щыпІэ зэрыщыІэм тетщІыхьу. Ятеухуауэ ди

щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ Биц Анатолэ кьыщалъхуа махуэщ (1946 гъэ).

Къэрал лжьакІуэ, Кьэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и УнафэщІуэ щыта Къардэн Алик 1954 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэмрэ:

Пшэ мащІэ телъынущ. Махуэм хуабэу градус 26 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *мэрем*

Пятигорскэ пэмыжьжьэу щыІэ Мэшыкъуэ бгы льапсэм и дежьрыс тхакІуэщІэу Лермонтов Михаил 1841 гъэм щыуКІащ.

1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер къызэІуахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм президент къулыкъур 1991 гъэм щагъэуващ.

Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь Іэбубчыр Нажмудин къыщалъхуа махуэщ (1928 гъэ).

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Щомахуэ Алексей 1936 гъэм кьалъхуащ.

Адыгэ Республикэм и щыхуб тхакІэ, публицист Чуякъуэ Инуе къыщалъхуа махуэщ (1940 гъэ).

Дунейм и щытыкІэмрэ:

Пшэр техьэ-текІуэ щытынущ. Махуэм хуабэу градус 22 - 29-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыІэнущ.

ПІэлъапІэр зыгъэхьэзырар ХЬЭТАУ Исламщ.

● Хъыбар гуапэ

АдыгэхэмкІэ зыкъагъазэ

Тырку Республикэм и Меджлисым (Парламентым) унафэ кьиштащ фокІадэм и 1-м щыщІэдзауэ ТРТ м зэрал каналым хуэу махуэ кьэс сыхьэтитІкІэ адыгэ нэтынхэр ирагъэкІуэкІыну. НэхъапэкІэ ащхуэдэ нэтынхэм махуэку кьэдкиикъэ 20 щэрджэсхэм хуэхахыу щытауэ араш.

МЫПХУЭДЭ хуитныгъэ ильэситІ и пэкІэ курдхэм ирагащ, иджы абыхэм я нэтынхэр тырку канал щхьэхуэм жэщ-махуэ имыІэу кьеГъэльагъуэ. ДАХ-м и Хасащхьэм хэт Къущхьэ Догъэн хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, КАФФЕД-м нэгъабэ Меджлисым зыхуитьзат, я щІыналъэм щыпсэу адыгэхэм я бзэр яджыжу, я анэдэлъхубзэкІэ нэтынхэр яІэну хуитынныгъэ кьратыну щІэлъэІуу.

Гуапэ зэрыгушхьэщи, абыхэм я хъуэпсапІэр нэхуапІэ хъуащ. Апхуэдэу 2012 гъэм фокІадэм и 1-м щыщІэдзауэ ди лъэпкъгъэ хэхэсхэм Іэмал яІэнущ я анэдэлъхубзэр еджапІэхэм щаджыну. Ауэ абы папщІэ дэтхэнэ школми екІуалІэ сабийхэм ящыщу зи бзэр зэзыгъэщІэну хуейхэм я бжыгъэр 10 нэхъри мынэхъ мащІэу щытын хуейщ. А Іуэхум егуГъунчъэщ адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу вилайетхэм щыІэ хасхэр.

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм кьалъыкъуэкІа Іуэхуфіым зиужьныныкІэ абыхэм сытКІи дэІэпыкъуэгъу яхуохъу Къэбэрдей Адыгэ Хасэр. Абы и тхьэмадэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд и жэрдэмкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м игъэхьэзыра нэтынхэмкІэ (псори зэхэту сыхьэт 20 мэхъу) ядэхъущэнущ. Нэхъыбэу Истамбыл я гъэхьныр сабийхэм яхуэгъэза, ІуэрыІуатэм, хьыбарыжьхэм ятеухуа нэтынхэрщ, спектаклхэрщ, уэрдхэрщ, усэхэрщ. Абы къыдэкІуэу, Мухьэмэд абыхэм яхуреГьашэ 1 - 9-нэ классхэм зэрыщеджэну адыгэбзэ учебникхэрщ, нэгъуэщІ тхылъхэр. Анэдэлъхубзэр езыгъэджэну езым яІэ ятъэджэну Къэбэрдей Адыгэ Хасэр куэд зэрымыхъум кьыхэкІыу я мурадщ ахэр пІалъэкІэ Хэкум ирашыну, апхуэдэуи ди журналистхэм щыщ ирагъэбдзэжьну.

Апхуэдэу мыгувэу радиомкІи адыгэ нэтынхэр кьатУ щІадзэнущ.

ТХЬЭХУЩІНЭ Ланэ.

Крымск щыпсэухэм ядоІэпыкъу

-Урысей зэкъуэт-партым и Шэрэдж къуажэм гуманитар дэІэпыкъуныгъэ яритащ Крымск кьаІэм щыщу лей кьызытехьахэм. Районым щыпсэухэм я Іэдакъэщ ядэІэпыкъун папщІэ яхуэзэфІэкІ кьагъэнакъым.

Партым и Шэрэдж къуажэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал зэрыжиІамкІэ, гуманитар дэІэпыкъуныгъэр щыІэхуахьэсым кьальытащ районым исхэр нэхъ сэбэн зэрыхьуфыну щыкІэр икІи щымахуэр зэрымыжьыжьэжым кьыхэкІыу ди щыхуэхэм я Іэдакъэщ ядэІэпыкъун папщІэ яхуэзэфІэкІ. Абыхэм кьадэкІуэу, -Урысей зэкъуэт- партым и щыналъэ щхьэхуэхэм щыІэ кьуажэмэрэ щыпІэ кьуажэмэрэ щылажьэхэм я махуэ зэкъэпащІэр псыдзэм и лей зытехьахэм ягъэгъакІащ.

● Обэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлІхэм я фэеплъыр ягъэлъапІэ

Балъкъэрым ис лъэпкъ зэмылЫужьыгъуэхэм къахэкІахэм ящыщу «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр зыхуагъэфэщащэхэм, абыхэм я цІэхэр зыфІащыжа уэрамхэмрэ аджапІэхэмрэ ятеухуащ. Апхуэдэу музейхэмрэ школхэм я библиотекэхэмрэ иратынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакІуэхэм, публицистхэм я тхыльхэр.

КъБР-м икІа делегацэр «ЩІыхь» мемориалым, лІыхъужьхэм я къхащхьэхэм щекІуэкІыну пэкІуэм хэтынущ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и цІэр зезыхьэ школым кІуэнурэ абы и музейм щыгъуазэ защынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлІэхэр щІыпІэхэм щащІа къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ документальнэ фильмхэр. Апхуэдэу зегъэхьэзырынущ ильэс куэд лъандэрэ зэныбжьыгъуэ зи яку дэлъхэу КъБР-м и Тэрч районымрэ Ростов областым щыщ Мартыновскэ районымрэ я зэпыщІэныгъэхэм ятеухуа фильм щхьэхуэ.

ЛЪэныкъуитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр зэман хьэлъэм кьежьащ икІи ар лъыкІэ ягъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шу дивизэм хэтахэм. Аехр Сталинград яубыдыну екІу фашистхэм шапэІуэду ящуэващ.

Мартыновскэ районым и администрацэм зауэр зэриух лъандэрэ егъэлъалъэпІи дэ хэкъуегъуэм я фэеплъыр. Абыхэм я лІыхъужьхэр нобэрэщІ щэбэлэмэ ящыгъупщакъым.

КъБР-м Цыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхуці анІэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхуці анІэ.

Адыгэ республикэ

Лэжьапіэншэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

АДЫГЕЙ. *Тхьэкіумыгъэ Асльэнджэрий Іуащіащ республикэм щыпсэу лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ и къэрал къулыкъу Іуэхущіапіэм и унафэщі Цыганков Галинэ.*

ЦЫГАНКОВЭМ республикэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыныгъэ Іэнатіэхэм дапщэ щатхами. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэхэм я бжыгъэр 3.598-рэ мэхъу, илъэсым и пэщІадзэм лэжьапІэншэхэр процент 1,9-рэ хъуэу щытамэ, иджыпсту нэхъ мащІэщ икІи процент 1,7-м нэсащ.

Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьэхэр зэрІэхэр щыхьэныр зэрызэгурыІуам тету узэщІауэ ар зи нэІэ щІэт щыхьэ къулыкъуэхэр республикэм и властым и органхэм, апхуэдэуи еджапІэхэм, щыхуэхэм лэжьыгъэ езытхэм яда-лажьэмэщ», - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіушынэ Астьэндэкэрий.

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭДЖЭС. **Къэрэшей-Шэрджэсым и Іуэху фондым и мыткъуэ жыласъуэ 51-м гъуэгухэр щызэгъэпэщыжыным, зыхуей щыхуэгъэзэным трагъэкІуэдэнущ.**

МЫТЬКУМ и Іыхьэ нэхъыбэр - сом мелуан 250-р - Черкесск кьалэм лъысынущ. Щыналъэ Гъуэгу фондым и мыткъум кьыхэкІыу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм сом мелуан 600 хьу субсидиехэр хухахынущ. Ахэр трагъэкІуэдэнущ гъуэгухэм я проектым, ахэр ухуэныкъо зэгъэпэщыжыныкъэм. Псори щызэкІуэ гъуэгур зыхуей хэхэсхэзэным сом мелуан 492,4-рэ хухахынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

Адыгэр республикэхэм

Тыркум и гъунапкъэхэр зэхуецІ

Сириемрэ хуитІ къэрал гъунапкъэ зэрыкІыпІэ псори дыгъуасэ Тыркум зэхуищІащ.

Тыркумрэ Сириемрэ я къэрал гъунапкъэр километр 900-м ноблагъэ икІи абы зэпрыкІыпІэ 13 иІэщ. Ахэр псори иджы зэхуэщІащ. ЩхьэхуитІыр Сириемрэ я армэ щхьэхуитым и заулэхэр мыхъ-мытІэу абыхэм ЇэщкІэ зэрытеуагащ. Кьапщтэмэ, зыкъэзыІэтэхэм яубыдат Баб Эль-Салям щыпІэм щыІэ зэпрыкІыпІэр.

Зауэм зэщІищтэ Сириер зыбгынэ щІыху мамырхэм гъунапкъэ зэпрыкІыпІэр зэрызэхуэщІам я зэран екІынукъым. Ахэр махуэ кьэсси куэду Тыркум мэІпхьэ. ЩтанІэ ихьжауэ щІыху мин 45-м щІыпІу иджыпсту абы щетІысэхащ.

Бухгалтер лЫхъужь

Сом мелуани 3,7-рэ зэрылъ сумкэр зыІыгъ бухгалтер щыхубым Мэзкуу и Іэгъуэблагъэм ар кьыщытрахыну хуэтащ.

АрщхьэкІэ бзылъхугъэр щІэпхъаджащІэхэм псэмыбгэжу япэщІуваш. Абы пэмыльэщурэ Іуэхур кІыхьлІыхь щыхьум, модрейхэри икІуэтыжащ икІи я «Жигули»-м зрадзэри, щІэпхъуэжащ.

Бухгалтеру илъэс зыбжанэ хьуауэ лажьэ щІыхубым и Іэдакъэ гугъэтжьым автомашинэм и номеры игу ирифыбгъну. Абы и фІыгъэкІ «Жигули»-р зейр яубзыхуауэ кьалъхьыхь.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 26, *махуэку*

Дунейм щыяпэу гъуэгуанэщхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэ СССР-м 1957 гъэм щагуІыпащ.

ТхакІуэ, тхыдэдж, КБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Опрышко Олег 1936 гъэм кьалъхуащ.

УсакІуэ щІэрыІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ Биц Анатолэ кьыщалъхуа махуэщ (1946 гъэ).

Къэрал лжьакІуэ, Кьэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и УнафэщІуэ щыта Къардэн Алик 1954 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэмрэ:

Пшэ мащІэ телъынущ. Махуэм хуабэу градус 26 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *мэрем*

Пятигорскэ пэмыжьжьэу щыІэ Мэшыкъуэ бгы льапсэм и дежьрыс тхакІуэщІэу Лермонтов Михаил 1841 гъэм щыуКІащ.

1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер къызэІуахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм президент къулыкъур 1991 гъэм щагъэуващ.

Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь Іэбубчыр Нажмудин къыщалъхуа махуэщ (1928 гъэ).

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Щомахуэ Алексей 1936 гъэм кьалъхуащ.

Адыгэ Республикэм и щыхуб тхакІэ, публицист Чуякъуэ Инуе къыщалъхуа махуэщ (1940 гъэ).

Дунейм и щытыкІэмрэ:

Пшэр техьэ-текІуэ щытынущ. Махуэм хуабэу градус 22 - 29-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыІэнущ.

ПІэлъапІэр зыгъэхьэзырар ХЬЭТАУ Исламщ.

Лъэпкъ Іуащіагъэ:

Уи щхьэ ухуэпсэужьныр гъащІэкъым.

Эк ономик э Пол итик э

Ма хуэ к у

Кавказ Иц хъэрэ Жы лагъуэ

Хэку зауэшхуэгуэ куэд къыхуихьащ Осетие Ищхъэрэм къышцалъуа мы цыхубзым. Ауэ абы быдзэу жеІэ зэпымыууэ сІым щыгугъын зэрыхуейр.

ДЖИОЕВА Хьэдизэт республикэм нэхъыбІэу зэрыщацІыхур Морская Эльхотэущ. Абы апхуэдэ цІэ-унэцІв къыфІэзыщар 84-нэ тенджыз фочауэ бригадэм и зауэлІхэрщ. А бзыльхъуэм и хъыбар къыбжаІэсфынущ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ цІыху куэд дыдэм. Ильэситф фІэкІа зи мыиньбжьыдзкІэ цІыкІур сабий унэм щІохуащ. Ильэс 30-кІэ ар пэплъащ къэзыльхуа и анэм хуэзэжьным. Тельыджэ къэхъуащ! Арщхьэкіэ депІэщІэкІынкьым - псори зэрыщытам хуэдэу къэтІуэтэжынщ.

Сабий гъы макъыр

1940 гъэм и дыгъэгъаззм Джиоевэхэ Садуллаерэ Нуцэрэ я унагъуэм гуфІэгъуэ кІыщыхъуащ - дунейм къытехьащ псори апхуэдизуу зыпэплъа хъыджэбз цІыкІур. Абы Хьэдизэт фІащащ. Ильэс ныкъуэ нэхъ дэмыкІыу хэку зауэшхуэм щІидзащ. И куэджэгъуэхэм я гъусэу фронтым кІуащ и адэр. Ельхъуэт къыдэнэжахэм танкхэр къэзымыгъэкІуэну щІытІэхэр ягъэхъэзыру щІадзащ. Нысэр абы щылажьэрт, анэшхуэр Хьэдизэт бгъэдэст. Фашистхэм я мурадт фронтым къэкІуэцІрыкІыу Кавказ ЩІыбым дыхьэну. Махуэ къэс щытыкІэр нэхъри екІа кІуэрт. Зы гупым Новороссийскрэ ТІуапсрэ, адрейм Грознэрэ Бакурэ ябубыну я мурадт. Ещанэ гупым къалэн щащІат Кавказ къурым щхьэдэхыу Тбилиси дыхьэну. Ар къайхъуІатэмэ, нэмыщІэхэр якъуэуэфынут СССР-м и гъунапкъэм кІыхьэт Тыжьыр дивизэ 26-м. Арщхьэкіэ фашистхэм я Іуэхур къыкІакъым. Арати, мурад яцІащ Ельхъуэт лъэныкъуэмкІэ щебгъэфыкІуэну.

1942 гъэм щыщхьэІум и 24-м зэрыпхъуахуэхэр Ельхъуэт дыхьащ. Абыхэм лъэщу къапэщІэуващ ди зауэлІхэр. Къуажэр щэнейрэ ябубыд -дахужу екІуэкІащ. Ар къанэ щІагъуэ щымыІэу зэхэкъутат. Жылэм щыпсэуэр бгъуэнщІагъэхэм кІуащ. Арщхьэкіэ Куцэ и унагъуэр абыхэм нэсыфакъым.

1942 гъэм и бжьыхьэм Ельхъуэт ягъэІэпхъуащ 84-нэ тенджыз фочауэ дивизэр.

• ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ

Уеджэ щхьэ, ахъшэ къ!

Иужь зэманым Урысейм нэхъыбІэр щытепсэлъыхь хъуащ къэралым и ахъшэкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыухьфынухэм я бжьгъэр хуэдитІкІэ ягъэмэщІэнкІэ зэрыхъунрэ. Апхуэдэ жэрдэм къыхихьащ егъэджэныгъэмкІэ министру ягъэува Ливанов Дмитрий.

МЫ зэманым къэралым и ахъшэкІэ иригъаджэр студентхэм я процент 40 кІуэдрэщ, - жеІэ УФ-м и Студент союзым и унафэщІым и кІуэдзэ Крапухин Алексей. - ПщІэншэу щІэныгъэ зэзыгъэзыгъэ министрым щІэІэхэр еэзэгъуэфынут Урысейм и Конституцэм. Абы щІэзэнхэм щэсІпІэ ирет фІагъ зиІэ щІэныгъэ пщІэншэу зригъэзэгъэтынымкІэ. Псом хуэмыдэу а псалъэхэр кІыхьэрэмызэгъыр кІыбгуроуэ иужь зэманым КъуэкІыпІэм щекІуэкІэхэр щыпсЫгъэгъкІэ. Абы щІалэгъуалэм нэхъыбэрэ зыкъыщІэт хъуащ, егъэджэныгъэ ІэнатІэр ахъшэм зэрыхуэгъакІыр ямыдэу. Дигу къэдгъэкІыжыну ирикъунщ студентхэмрэ полицэмрэ Испанием зэрыщызэпэуцуэр.

Ди деж ар дыдэр кІыщыхъункІэ хъунущ. Зи гугъу тщІы «реформэр» зыхуэгъэзэуэу якІуэцІэр? Абыхэм я гъусэу къаущыхь хьэІуцыдзхэм. Володинэр - хьэІуцыдзщ! Сытепсэлъыхьну сыхуейкъым. Иджыри къэс апхуэдэ цІыху Пермь щыпсэ кІаІкъым!

Кэюшэ къызэІыхьэри, ерагъкІэ унэм кІуэжьфа къудейт.

- А махуэр зэи сщымыгъупщэжьыну сигу кьинащ, -къеІуэтэжа Кэюшэ и анэ Киселевэ Екатеринэ. - Сымаджэщым яшэу сыхьэтищ дэкІа нэужь, кьыджаІащ Кэюшэ зэуэ лъшх уз лЭужьыгъуитІ пкърыту. Урысейм зыри сэбэн къыщыхуэхъуфынутэкъым. Германием егъэшэн хуейт. Ахъшэу зэхуэтхъэсын хуейт еврэ мин 200. Си щхьэгъусэр хъумакІэуэ, сэ сыдохутыр лэжьакІуэ нэхъыщІэщІ. Дэ иджыри фэтэр диІэкъым. ДиІамэ, тщэнут. Абы щыгъуэм сэ сыхуэзащ Володинэ Ольгэ. Занщ!эуи гугъэ къысхилъхьажащ.

А цІыхубзыр куэдрэ кІуэрт сабий область сымаджэщым и гематологие къудамэм, сэлар «ЛУКОИЛ»-м юристу щылажьэу, псапащІэ Іуэху зэрихуэу жиІэрт. Езым ипхъуми лышх уз къеузати, иджы пщІэншэу ядэІэпыкъурт сабий сымаджэ хьэлъэхэм.

- Сэ абы дзыхь хуэсщІырт, - пещэ Екатеринэ. А цІыхубзым псынщІэ дыдэу хэгъэрейуэ сыхуищІащ «Адморозхэм» (щыІэщ Пермь апхуэдэ зэгухьэныгъэ). Ахэр Іуэхум яужь ихьащ. Банк карточкэр цІыкІуищ зэгъэпэщыну кьызэлъэІуэхэщ. Хэзгъэхэр зыхуэдизыр ябжьин папщІэ, Ольгэ ахэр сІихащ, пинкодхэри жееІащ. Сымаджэхэр хуейт Володинэм и гъусэу сурэт зытраГъэхыну, арщхьэкІэ ягъэкІыжащ. Ауэ абы щыгъэми шэч сщІакъым.

Журналист Жебелев Дмитрий мурад ищІащ ІуэхуфІ гуэр илэжьыну. ИльэсщІэм ирихьэлІэу сабий сурэтхэр зэхуихьэсащ, Володинэ, Киселевэ, Ковтунэ, Ковтунэ, Ковтун